# रूपेश त्योंथ कैं भेटतन्हि साहित्य अकादमीक युवा पुरस्कार

**मधुबनी** | वर्ष 2022 लेल साहित्य अकादमीक युवा पुरस्कार लेल मैथिली मे रूपेश त्योंथक



चयन भेलनि अछि । हुनक छद्मनाम नवकृष्ण ऐहिक सँ लिखल पोथी खुरचन भाइक कचमछी लेल हुनका ई पुरस्कार जयतन्हि। खुरचनभाइ हमरा लोकनिक भीतरक ओ नीक लोक छथि, जिनका नीकक नीक आ बेजाएक बेजाए चट द' लगै छनि। हिनक कछमच्छी हमर-अहांक ओ अव्यक्त कछमच्छी छी जे नाना व्यस्तताक कारणे मोने मे कतहु दबल रहि जाइए। विविध विषयक गप्प-सरक्का व्यंग्यक थारी मे परोसल गेल अछि जे कखनो हंसबैए, कखनो चुट द' कटैए, कखनो सोचबा लेल मजबूर करैए। विभिन्न कथानक माध्यमे कहल गेल बात-विचार, गाम-घर, खेत-खरिहान, गाछी-दलान, दोस-भजार, हाट-बजार आदिक साक्षात करबिते अछि, संगहि हेराइत आमजन कें हेरबाक चेष्टा करैत अछि। आब जखन गामो मे गाम बांचल नहि रहि गेल अछि, गामक गप्प कें व्यंग्य मे बोरि क' प्रस्तुत कएल गेल अछि।